

Soal UAS Bahasa Jawa Kelas 4 SD Semester 1

I. Wenehana tanda ping (x) ana ing aksara a, b, c, utawa d kanggo wangsulan kang bener!

1. Salah sijine jinis karangan sastra Jawa sing dikarang kanthi nengenake rasa kaendahan yaiku..

- a. puisi
- b. pantun
- c. geguritan
- d. kasusastran

2. Geguritan iku kalebu

- a. puisi jawa modern
- b. karangan anyar
- c. rura basa
- d. purwakanthi

3. Gatekna geguritan!

"Sekolahku"

Sekolahanku,
Panggonan anggonku golek ilmu
Sekolahanku,
Diwulang dening Bapak-ibu Guru
Sekolahanku...
Sinau, maca buku
Ing Panggonan iki
Aku diajari supaya karo wong tuwaku kudu bekti

Geguritan ing ndhuwur irah-irahane.....

- a. Sekolahku
- b. Bapak Ibu guru
- c. Rumahku
- d. Kancaku

4. Sing mulang ana sekolahan yaiku

- a. bapak lan ibu lurah
- b. kanca dolan neng omah
- c. bapak lan ibu guru
- d. sedulur sakadang

5. Gatekna geguritan!

Aku Bocah Jawa

Aku bocah Jawa
Aku rumangsa ora duwe apa-apa
Sing awujud bondha donya raja brana
Iku dudu takeran
Sanajan mangkono
Bab budaya lan unggah-ungguh tetep tak ugemi
Tak sunggi nganti lumebu bumi

Kang dadi ukuran urip bocah Jawa ing geguritan Iku yaiku...

- a. dudu bandha ananging unggah-ungguh
- b. dudu bandha lan unggah-ungguh
- c. dudu unggah-ungguh ananging bandha
- d. awujud bandha donya raja brana

6. Pak Hadi lagi turu ana omah.

Ukara ing ndhuwur menawa didadekake basa krama yaiku...

- a. Pak Hadi lagi sare ana dalem.
- b. Pak Hadi nembe sare wonten dalem.
- c. Pak Hadl lagi sare wonten dalem.
- d. Pak Hadi nembe sare ana dalem.

7. Panggonan golek ilmu iku sekolahan.

Ukara pitakon kang trep kanggo wangsulan ing ndhuwur yaiku ...

- a. Golek ilmu iku menyang ngendi?
- b. Ngendi panggonan kanggo golek ilmu?
- c. Sekolahan ngendi kang isa kanggo golek ilmu?
- d. Apa mung ana sekolahan panggonan golek ilmu iku?

8. Pandhawa kang mijil saka Prabu Pandhu lan dewi Kunti yaiku

- a. Yudhistira, Sadewa, dan Arjuna
- b. Yudhistira, Bima, dan Nakula
- c. Yudhistira, Nakula, dan Arjuna
- d. Yudhistira, Bima, dan Arjuna

9. Pambarepe pandhawa putra Pandhu yaiku

- a. Yudistira
- b. Arjuna
- c. Nakula
- d. Sadewa

10. Prabu Yudhistira kagungan asma cilik yalku....

- a. Permadi
- b. Bayusutha
- c. Puntadewa
- d. Tangse

11. Prabu Yudhistira kang nduweni watak bijaksana lan ora nduwe musuh minangka titisane dewa....

- a. Yama
- b. Bayu
- c. Indra
- d. Aswin

12. Perang antarane Pandhawa lan Kurawa yaiku perang Baratayuda ana ing

- a. Amarta
- b. Hastinapura
- c. Kurusetra
- d. Madukara

13. Prabu Yudhistira iku ratu sing

- a. mandegani Baratayuda
- b. ora seneng perang
- c. pinter siasat perang
- d. madek senopati perang

14. Sekaten iku gunane kanggo mengeti wiyosane Nabi Muhammad Saw. Wiyosane tegese....

- a. laire
- b. wungune
- c. sedane
- d. wahyune

15. Kegiatan kang ditindakne ajeg saka jaman biyen tumekaning saiki diarani

- a. tradhisi
- b. piknik
- c. upacara
- d. sesaji

16. Pocapan raos syukur amarga pari kang wus dipanen, diadani acara....

- a. sekaten
- b. merti desa
- c. mitoni
- d. tedhak siti

17. Panabuhe gamelan sekaten iku dianakake ing ngarep....

- a. Masjid Agung
- b. pasar
- c. alun-alun
- d. kraton

18. Tradhisi Jawa kang sinebut nyadran tujuane kanggo

- a. ndongakne leluhur kang wis seda
- b. ndonga kanggo tentrem desa
- c. kirim sedekah bumi kanggo leluhur
- d. rasa bungah sawise panen rampung

19. Dadi bocah kuwi aja sok seneng goroh.

Dasa namane tembung goroh yaiku

- a. dolanan
- b. tegese
- c. gumedhe
- d. ngapusi

20. Aksara jawa yen diparingi sandhangan taling tarung unine....

- a. i
- b. u
- c. é
- d. o

21. Sandhangan swara "i" iku arane....

- a. suku
- b. pepet.
- c. taling tarung
- d. wulu

22. **tuku[roti**

Tulisan jawa ing ndhuwur unine

- a. tuku srahi
- b. tuku surabl
- c. tuku roti
- d. tuku boti

23. **au**

aksara jawa ing dhuwur migunakake sandhangan....

- a. suku
- b. pepet
- c. taling tarung
- d. wulu

24. Ukara jawa ing ngisor iki kang migunakake sandhangan pepet yaiku

- a. gwebubu/
- b. [to[ko[roti
- c. bukutulis\
- d. lgituru

25. "Soni duwe doro" menawa ditulis migunakake huruf jawa yaiku....

- a. [sonilgi[lo[ro
- b. [sonifu[r[fo[ro
- c. [sonifuwe[lo[ro
- d. [sonifuwe[bo[lo

II. Isinana ceceg-ceceg ing ngisor iki kanthi trep!

26. Puisi Jawa anyar kang ora kalket paugeran tertamtu diarani

27. Wiraga ana ing geguritan nggatekake bab....

28. Maca geguritan kudu ngerti munggah mudhune swara lan pocapan yaiku kang diarani

29. Mungsuhe Pandhawa ing perang Baratayuda yaiku

30. Garwane raden Puntadewa yaiku

31. Raden Yudhistira ratu ing negara....

32. Tradisi sadurunge mangkat sekolah kudu....

33. Sehat - supaya - olahraga - kudu.

Tembung ing ndhuwur yen didhapuk dadi ukara kang becik lan runtut yaiku

34. Aksara "h" menawa diwenahi sandangan u, i, e ditulis nganggo aksara jawa yaiku

35. "Toni dadi lega" yen ditulis migunakake aksara jawa yaiku

III. Wangsulana pitakon-pitakon ing ngisor iki kanthi trep lan bener!

36. Bab apa bae kang kudu digatekake nalika maca geguritan?

37. Gawea 3 ukara ngganggo tembung "Sekolah"!

38. Sebutna 3 bae dasanamane prabu Yudhistira!

39. Apa kang diarani upacara tedhak siti?

40. "Sutama tuku soto"

Tulisen ngganggo aksara jawa!